

Vaksinasyon Kont Menengokòk Sewogwoup B (MenB)

Ki Sa Ou Bezwen Konnen

Many Vaccine Information Statements are available in Haitian Creole and other languages. See www.immunize.org/vis

Anpil Bilten Enfòmasyon sou Vaksen yo disponib nan lang Kreyòl Ayisyen ak nan lòt lang. Ale sou sitwèb www.immunize.org/vis

1 Poukisa pou mwen vaksinen?

Maladi menengokòk se yon maladi grav ki lakòz pa yon kalite bakteri ki rele *maladi menenjit Neisseria (Neisseria meningitidis)*. Li kapab lakòz menenjit (enfeksyon ki nan pawa sèvo an ak ki nan mwal epinyè an) ak yon enfeksyon san. Maladi menengokòk la souvan rive san avètisman — menm nan pami moun ki otreman an sante.

Maladi menengokòk la kapab simaye ant yon moun ak yon lòt moun ki nan kontak dirèk (touse oswa bo) oswa nan kontak pwolonje, sitou pami moun kap viv nan menm kay la.

Gen omwen 12 kalite *maladi menenjit N.*, ke yo konnen kòm “sewogwoup”. Se Sewogwoup A, B, C, W ak Y yo ki lakòz pifò maladi menengokòk.

Nenpòt moun ka atrape maladi menengokòk men gen kèk moun ki genyen risk ki pi elve, ki enkli:

- Timoun piti ki gen mwens pase yon ane daj
- Adolesan ak jenn adilt ki nan 16 a 23 zan daj
- Moun ki genyen kèk kondisyon medikal ki ka afekte sistèm iminitè yo
- Mikwobyolojis ki anjeneral travay avèk izolat ki nan *maladi menenjit N.* lan
- Moun ka gen risk akòz yon epidemi ki nan kominote yo

Menm lè yo trete l, maladi menengokòk touye 10 a 15 moun sou 100 ki enfekte. Epi moun ki siviv yo, apeprè 10 a 20 sou chak 100 soufri enfimite tankou pèt tande, domaj nan sèvo, domaj ren, anpitasyon, pwoblèm sistèm nève, oswa sikatris ki grav ak grèf ki soti nan po.

Vaksen kont menengokòk sewogwoup B an (MenB) ka ede anpeche maladi menengokòk ke sewogwoup B an lakòz. Yo rekòmande lòt vaksen kont maladi menengokòksik la ki pou ede pwoteje kont sewogwoup A, C, W ak Y.

2 Vaksen kont Menengokòk Sewogwoup B

Food and Drug Administration (FDA) (Administrasyon Manje ak Medikaman) te otorize de vaksen kont menengokòk sewogwoup B — Bexsero® ak Trumenba®.

Yo rekòmande vaksen sa yo regilyèman pou moun ki gen laj 10 zan oswa plis ki gen yon risk ki ogmante nan

Serogroup B Meningococcal (MenB) VIS – Haitian (08/09/2016)

sewogwoup B pou enfeksyon menengokòk, ki gen ladan yo:

- Gen moun ki gen risk akòz de epidemi menengokòk sewogwoup B a
- Nenpòt moun ki te gen larat li ki domaje oswa yo te retire
- Nenpòt moun ki soufri yon maladi ki ra nan sistèm iminitè yo ki rele “defisyans konpozan ak konpleman ki pèsistan”
- Nenpòt moun ki pran yon medikaman ki rele eculizumab (ke yo rele tou Soliris®)
- Mikwobyolojis ki regilyèman travay avèk izolat nan *maladi menenjit N.*

Vaksen sa yo kapab tou administre bay nenpòt moun ki gen laj 16 jiska 23 zan ki pou bay yo pwoteksyon pou yon ti tèm kout kont pifò nan souch menengokòk sewogwoup B yo; ant 16 jiska 18 tan se laj ki pi prefere pou pran vaksen sa yo.

Pou pi bon pwoteksyon, wap bezwen pi plis pase yon (1) dòz vaksen kont sewogwoup B an. Yo ta dwe itilize menm vaksen an pou tout dòz yo. Mande doktè w pou nimewo ak lè pou dòz yo.

3 Kèk moun pa ta dwe pran vaksen sa a

Fè moun kap bay w vaksen an konnen:

- **Si w genyen alèji ki grav, kap mete lavi ou an danje.** Si ou te janm gen yon reyaksyon alèjik ki te menase lavi ou aprè ou te finn pran yon dòz vaksen kont menengokòk sewogwoup B, oswa ou te fè yon alèji grav nan nenpòt pati vaksen sa a, ou pa ta dwe pran vaksen an. *Fè doktè w konnen si w fè nenpòt alèji grav ke w konnen, tankou yon alèji grav avèk latèks.* Li kapab ba w enfòmasyon sou engredyan yo ki nan vaksen an.
- **Si w ansent oswa wap bay tete.** Pa gen anpil enfòmasyon konsènan risk potansyèl ki genyen nan vaksen sa a pou yon fanm ki ansent oswa yon manman kap bay tete. Li ta dwe itilize sèlman pandan gwosès la si sa nesèsè toutbon.

Si w genyen yon maladi modere tankou yon grip, ou ka pwobableman pran vaksen an jodi a. Si ou malad nan yon fason ki modere oswa grav, ou ta dwe petèt rete tann jiskaske w refè. Doktè w kapab ba ou konsèy.



U.S. Department of Health and Human Services
Centers for Disease Control and Prevention

4**Risk pou gen reyaksyon nan yon vaksen**

Avèk nenpòt medikaman, enkli vaksen, gen yon chans pou reyaksyon. Sa yo jeneralman modere epi yo disparèt poukont yo, men reyaksyon grav ka posib tou.

Plis pase mwaye moun ki resevwa vaksen kont menengokòk sewogwoup B a gen **pwoblèm modere** apre yo finn pran vaksen an. Reyaksyon sa yo ka dire nan 3 jiska 7 jou, epi yo gen ladann:

- Maleng, po kò vin wouj, oswa anflamasyon kote yo te bay piki a
- Fatig oswa ki gen fatig
- Maltèt
- Doulè nan misk oswa nan jwenti
- Lafyèw oswa frison
- Kè plen oswa dyare

Lòt pwoblèm ki kapab rive aprè nenpòt vaksen:

- Pafwa moun yo pèdi konesans apre yon pwosedi medikal, ikonpri apre yon vaksen. Chita oswa kouche pandan apeprè 15 minit sa kapab ede ou pou pa ni endispoze ni blese lè ou tonbe. Fè doktè ou konnen si ou santi vètij, oswa si gen yon vizyon twoub oswa si ou tande nan zòrè ou ap sonnen.
- Gen kèk moun ki gen yon doulè nan zepòl ki kapab pi grav ak ki dire pi lontan pase doulè a jan li konn ye a yo kapab fè swivi pou li ak yon enjeksyon. Sa pa rive souvan.
- Nenpòt medikaman ka koze yon reyaksyon alèji grav. Kalite reyaksyon konsa apre yon vaksen ra anpil, yo estime a mwens pase 1 ka sou yon (1) milyon dòz, epi sa ta rive kèk minit oswa kèk èdtan apre moun nan fin pran vaksen an.

Menm jan avèk nenpòt medikaman, gen yon ti chans pou yon vaksen koze yon chòk grav oswa lanmò.

Yo toujou kontwole sekirite vaksen yo. Pou w jwenn plis enfòmasyon, vizite: www.cdc.gov/vaccinesafety/

5**Kisa pou mwen fè si mwen gen yon reyaksyon ki grav?****Kisa mwen ta dwe chèche?**

- Chèche nenpòt bagay ki konsène ou, tankou si yon reyaksyon alèjik grav, lafyèw ki wò anpil, oswa chanjman nan konpòtman.

Siy yon **reyaksyon alèjik grav** kapab gen ladan itikè, figi anfle ak gòj anfle, difikilte pou respire, yon batman kè rapid, vètij ak feblès. Siy sa yo ta kòmanse nan kèk minit pou rive nan kèk èdtan apre ou pran vaksen an.

DCH-3932HC AUTH: P. H. S., Act 42, Sect. 2126.

Translation provided by the Immunization Action Coalition

Kisa mwen ta dwe fè?

- Si ou panse se yon **reyaksyon alèjik ki grav** oswa si ou panse se yon lòt ijans ki pa kapab tann, rele 9-1-1 oswa mennen moun lan nan lopital ki pi pre a. Otreman, rele klinik ou an.

Après sa, ou ta dwe rapòte reyaksyon nan Vaccine Adverse Event Reporting System (VAERS) (Rapòte Reyaksyon Negatif Vaksen an). Doktè ou ta ka fè rapò sa a, oswa ou kapab fè li poukont ou sou sitwèb VAERS nan www.vaers.hhs.gov, oswa ou kapab rele nan **1-800-822-7967**.

VAERS pa bay konsèy medikal.

6**Pwogram Nasyonal Konpansasyon pou Blesi nan Vaksen**

National Vaccine Injury Compensation Program (VICP) (Pwogram Nasyonal Konpansasyon pou Blesi nan Vaksen) se yon pwogram federal yo te kreye pou konpanse moun ki te ka pran chòk akòz sèten vaksen.

Moun ki kwè yo te ka blese nan pran yon vaksen kapab chèche enfòmasyon sou pwogram nan ak sou fason pou yo fè yon reklamasyon. Pou fè sa, yo ka rele nan **1-800-338-2382** oswa yo ka ale sou sitwèb VICP nan www.hrsa.gov/vaccinecompensation. Gen yon delè limit pou prezante yon reklamasyon pou konpansasyon.

7**Kijan mwen kapab aprann plis enfòmasyon?**

- Mande founisè swen sante ou. Li ka ba ou yon pake vaksen oswa sijere lòt sous enfòmasyon.
- Rele depatman sante lokal ou oswa depatman sante eta kote w ap viv la.
- Pran kontak ak Centers for Disease Control and Prevention (CDC) (Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi yo):
 - Rele **1-800-232-4636 (1-800-CDC-INFO)** oswa
 - Ale sou sitwèb CDC nan www.cdc.gov/vaccines

Yo pral voye enfòmasyon bay Michigan Care Improvement Registry pou ka pèmèt moun (yo) ki bay swen medikal gen enfòmasyon ki egzat sou estati aksinasyon, evalyasyon vaksinasyon, ak orè you rekòmande pou vaksinasyon alavni. Moun gen dwa pou mande moun ki ba yo swen medikal pou yo pa voye enfòmasyon sou vaksinasyon nan Biwo Anrejistremman an.

Vaccine Information Statement
Serogroup B Meningococcal Vaccine

08/09/2016

Haitian

42 U.S.C. § 300aa-26

Office Use Only

